

Chè Rezidan New York Yo,

Achte yon machin, nèt oswa dezyèm, kapab se yon eksperyans ki difisil Plis ou gen enfòmasyon, se plis chans ou genyen pou pa pran yon desizyon pou regrèt aprè.

Men kèk ti konsèy k ap ede ou rasanble enfòmasyon w ap gen bezwen anvan ou fè acha enpòtan sa a. Lè ou se yon kliyan ki avize sa pral ede ou toujou genyen kontwòl... ni avan ak aprè kontra a fin siyen.

Sensèman,

Letitia James



Pwokirè Jeneral
Vil New York la
Letitia James

Resous yo

Biwo Pwokirè Jeneral Eta New York lan, Biwo kont Fwod pou Kliyan

(800) 771-7755

ag.ny.gov

Piblikasyon sou Lwa sou Machin Dezyèm Men (Lemon Law) Eta New York lan

ag.ny.gov/newcar-lemonlaws

ag.ny.gov/lemon-laws

Tèm pou Konnen

Sijasyon Pri Vant an Detay Pwodiktè an (“Manufacturer’s Suggested Retail Price, MSRP”): Se Pwodiktè a ki fè rekòmandasyon sou pri vant lan. Yo PA vann majorite machin sa yo ak pri sa a.

Pri ki nan Fakti an: Premye taks pwodiktè a aplike sou revandtè a. Etandone chif sa a jeneralman toujou pi wo pase pri aktyèl revandè a (revandè a benefisye prim ak lòt rabè), yo pa dwe itilize chif sa a nan piblisite y ap fè pou machin lan, amwenske li gen pri final revandè an ladan li.

Garanti Pwolonje oswa Kontra Sèvis: Yo chè epi rantab anpil pou revandè an. Byen verifye pou wè kisa garanti pwodiktè a ak garanti pwolonje an kouvri. Souvan, materyèl ki gen anpil chans pou vini nan reparasyon oswa ranplase yo garanti pwolonje an pa kouvri yo. Revandè an dwe bay yon kopi tèm ak kondisyon kontra sèvis lan. Ou genyen dwa pou jwenn yon ranbousman konplè, dediksyon ki fèt sou tout ranbousman ki peye, nan espas 30 jou yo voye kontra sèvis lan nan kourye lapòs oswa nan espas dis (10) jou si yo te tou bay kontra a nan menm moman lavant lan.

Èske w ap achte yon Machin?

Konsèy pou Kliyan



Biwo Pwokirè Jeneral
Letitia James nan Eta
New York



Konnen Nivo Pri Ou An

Avan ou kòmanse gade machin yo, detèmine sa ou kapab peye a. Konsidere:

- Konbyen ou gen nan men ou pou peye davans, lajan kach epi/oswa echanj?
- Si se prete ou pral prete, ki pi plis ou kapab peye chak mwa? Kalkile revni nèt, depans pou viv yo, ak tout dèt ou genyen aktyèlman la a.

Chwazi yon Machin

- Fè rechèch Sitwèb, tankou Rapò Kliyan yo, ki genyen evalyasyon sou fyabilite ak kalite machin nèt ak dezyèm men ak modèl diferan ane yo. Li konpare fonksyon yo tou pou ede ou chwazi yon mak ak yon modèl.
- Lòt sous, tankou edmunds.com oswa Kelley Blue Book (Kelly Liv Ble), kbb.com, achiv pri pou machin nèt ak dezyèm men yo. Gen kèk ankèt ki montre kliyan ki pran tan pou fè rechèch sou pri machin yo peye an mwayèn 5% anmwens pase kliyan ki pa te fè rechèch yo.
- Eseye kondwi tout machin ou enterese ladan yo an, tankou kondwi sou plizyè wout ki gen eta diferan.

Chwazi yon Revandè

- Verifye nan Biwo Etik Komèsyal lan (Better Business Bureau) pou konnen si revandè an gen bon renome.
- Ale sou sitwèb ki fè evalyasyon sou revandè yo pou wè sa lòt kliyan yo di.
- Èske ou panse ale nan yon vant prive pou machin dezyèm men? Ou kapab jwenn yon pri ki ba, men yon vant konsa Lwa sou Machin Dezyèm men yo pa kouvri li, ki bay bonjan pwoteksyon.

Siyen yon Kontra

- Pa pran nan presyon ki pou fè ou achte; ou pa bezwen wout pou kite lokal revandè a si ou santi se manipile y ap manipile ou.
- Mefye ou sou tout òf ki di se òf "jounen" yo ye.
- Pran tan ou pou li kontra a. Asire ou tout pwomès yo fè nan bouch yo tout ekri nan yon kontra. Si sa nesèsè, pran kontra ki poko siyen an ale lakay ou epi li kontra sa nan yon kote ki pa gen bri andedan lakay ou.
- Rasire ou se menm nimewo seri a ki ekri nan kontra ou an.

Èske w panse Achte yon Machin Dezyèm Men?

- Chèche yon mekanisyon ou fè konfyans pou tcheke yon machin dezyèm men avan ou achte li.
- Konsilte yon sèvis anliy, tankou CarFax.com, pou jwenn dosye sou aksidan ak reparasyon, kit yo te deklare yon machin andomaje, gen etikèt "sitwon" sou li, oswa si li gen pwoblèm ak aparèy kilometraj lan.

Fè atansyon ak falsifikasyon kilometraj lan:

- Verifye tit lan pou gade si gen enkonsistans, rati ak chif ki sanble ekri youn sou lòt yo;
- Mefye ou ak tit ki di "SE PA KILOMÈT AKTYÈL LAN" - eksplikasyon sou ansyen kontè kilomèt ki dekonekte oswa andomaje yo kapab pa bay verite;
- Chèche siy falsifikasyon yo - tablodbò desere, kontè vitès ki kraze, chif ki sou bò goch yo ki pa aliyen.

Echanj

- W ap chanje machin ou genyen kounya la? Sonje byen: yon revizyon sou pri vant lan anpil fwa yo konn mal fè evalyasyon pou fè yon echanj oswa yo touche plis enterè pase sa yo dwe touche an.
- Fè yon evalyasyon ak sa w ap fè echanj lan nan men plizyè revandè.
- Konsilte sitwèb oswa piblikasyon tankou Gid Ofisyèl N.A.D.A pou Machin Dezyèm Men (N.A.D.A. Official Used Car Guide) (nadaguides.com) oswa Kelley Blue Book (Liv Ble Kelley) pou jwenn sijesyon sou valè echanj lan.

Finansman

- Chèche yon finansman. Anpil Fwa, bank pa ou an pral "prekalifye" ou pou fè ou jwenn yon prè. Itilize li pou fè konparezon sou lòt òf yo.
- Anpil fwa revandè yo fè plis benefis sou finansman an pase sou machin lan menm, kidonk negosye sou frè finansman yo.
- Si ou gen pwoblèm nan kredi ou, ou ka pa elijib pou finansman y ap fè piblisite pou li an.
- Fè atansyon ak yon peman global, ki se yon gwo peman pou peye nan fen kontra finansman an.
- Toujou konnen montan total ou pral gen peye pou machin lan, ak tout enterè, se pa sèlman montan w ap peye chak mwa a.

Ranbouse Depozit yo

Genyen anpil kliyan ki mal panse, yo panse yo gen dwa pou jwenn ranbousman depozit yo an si yo pa deside achte yon machin. Sepandan, ou pa genyen okenn dwa pou anile yon kontra, sof si revandè a neglije mete politik ranbousman an yon kote pou moun wè li. Si revandè an ede ou jwenn finansman epi ou pa janm jwenn machin lan, ou kapab anile nenpòt kilè avan ou siyen yon akò finansman epi pou yo ba ou yon ranbousman konplè.